# Муўапықластырыўшы Кеңес мәжилиси

2021-жыл 9-январь күни Хожели районы ҳәкимлигиниң үлкен мәжилислер залында районның ҳуқық қорғаў уйымлары муўапықластырыўшы Кеңес мәжилиси болып өтти. Онда, Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасы бөлим баслығы орынбасары Л.Есемуратов, район 4 сектор баслығы, кәрхана, мәкеме ҳәм шөлкем басшылары қатнасты.

Image not found or type unknown

Кеңесте район прокуроры Д.Елмуратовтың нызамшылықты беккемлеў, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў, жынаятшылық ҳәм ҳуқықбузарлықлардың алдын алыў барысында 2020-жылда әмелге асырылған прокурор бақлаўы жумысларының жуўмақларын додалаў ҳәмде алдағы ўазыйпаларды белгилеў, районның ҳуқық қорғаў уйымлары муўапықластырыўшы Кеңесиниң 2021-жыл биринши ярымына белгиленген ис режесин тастыйықлаў бойынша баянаты тыңланды. Буннан соң, мәжилис қатнасыўшыларда шығып сөйлеп 2020-жыл даўамында жол қойылған қәте-кемшиликлер қатаң түрде сынға алынды ҳәмде орынланыўы бойынша тийисли тараў ўәкиллерине көрсетпелер берилди.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Район ҳәкимлигиниң мәлимлеме хызмети